Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 38 (7334)
12 сентябрь 2018 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багъа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Власть рищцватаздаса ва хъулухъалъулал такъсираздаса бацIцIад гьабиялъе

### В. Васильевас Дагъистаналъул Правительство гIуцIулеб буго кадровияб конкурсалда бергьарал гьоркьореги рачун



Дагъистаналъул БетIерлъун гьал къоязда вищарав, 69 сон гIумруялъул бугев Владимир Васильевасда ракIалда буго цIияб правительство гIуцIизе дагьал церегIан къоязда рагIалде бахъараб республикаялъул кадровияб конкурсалда бергьаралги гьоркьореги рачун. Гьедин гьабуни цIияб кабинеталъул хIалтIи букIине буго гIадамазул захIмалъаби тIураялъе кIицIулго жигарчилъи цIикIкIараб,-ян бихьизабуна гьес. «Власть коррупциялдаса ва хъулухъалъулал такъсираздаса бацIцIад гьаби, халкъалъул интересазе бюджет цIуни букIинаби, гьеб хайираб куцалда харж гьаби буго гьабсагIаталда аслияб къагIидаялъ цебе лъураб тIоцебесеб кIваралъул масъала,-ян абуна В. Васильевас ТАССалъул мухбирасул суалазе жаваб кьолаго живго бетIерлъун вищулеб тадбиралдаса хадуб. –ГIуцIизе ккола цIияб Правительство «Мой Дагестан» кадровияб конкурсалда бергьарал потенциалги гьоркьобе бачун.

Гьесул рагIабазда рекъон «Цадахъ бачине ккола хIалтIи кIиго бутIаялъул жигарчилъиги бихьизабун. ХIалтIизе, хIалтIизе ва цойги нухалъ хIалтIизе ккола»,-ян абуна ГIабдугIалиевичас Правительствоялда цере цIиял ва жавабиял масъалаби лъолаго.

Дагъистаналъул БетIерас бихьизабуна гьевги гьесул командаги «кIвар бугеб хIалалъ гъира-цIаялда ругин хIалтIизе, гьедин экономикаялъул бутIаялда тIуразаризе чIванкъотIарал масъалаби цере чIун ругин ва гьел бигьаго тIуразаризе кIолеллъун гьечIин». «ГIагараб заманалда гIадамазда жидерго гIумро лъикIлъизабиялъе власталь гьабулеб бугеб хIалтIи хIалалда бичIчIун букIине ккола, хIасилазул бицинегIанго. Гьеб ккола гьабсагIаталда бищунго кIвар кьезе кколеб, амма захIматаб масъала»,-ян.

Депутатазул Халкъияб Собраниялъ араб хIалхьиялъул къоялъ балъгояб гьаркьие лъун Дагъистаналъул БетIерлъун вищана Владимир Васильев. 86 чиясдасан гьесие гьаракь кьуна 77 депутатас. Васильев хIалтIуда гъорлъе лъугьана гьеб къоялъго.

I2 июлалда лъазабун букIана Васильевас цIияб «Мой Дагестан» кадровияб конкурс. Гьелъул аслияб мурад букIана республикаялъул кадровияб резерв «гьунар ва къадру бугел» специалистаздалъун хьезари. Гьединал къецал тIоритIулел руго ТIолгороссиялъул автономияб ва коммерческияб гуреб «Россия – страна возможностей»,- абураб организациялъул кумекалдалъун. ГIуцIаразухъе бачIана II,5 азарго заявка, конкурсалде хъвай-хъвагIай гьабун букIана анлъазаралда нусиялда к1икъоялда анц1го ункъоялда щуго Россиялъул регионалдаса гIадамаз.

Дистанционниял тестазда рекъон конкурсалъул финалияб очнияб этапалда гIахьаллъана 226 чи, бергьараллъ ун рахъана Россиялъул 6 регионалдаса 54 чи. Гьезул I3ял органазда ва самоуправлениялъул бакIазда хIалтIизе лъуна.

Рищиязул хIасилал гьарун хадуб Владимир Васильевас бихьизабуна киналго бакIазда хIалтIи кодохъ босизе кколин, халкъалъул бугеб ахIвал-хIалалдехун гьумер буссинабизе ва гьезул гIумроялъулаб даража борхизабиялъул суалазде жавабчилъиялда кIвар кьезе кколин.

## Поздравление

Уважаемый Владимир Абдуалиевич!

От имени Администрации района, депутатов районного Собрания, жителей района и от себя лично примите самые искренние поздравления с избранием Главой Республики Дагестан!

Ваша уверенная победа говорит о высоком Вашем личном авторитете у населения, профессионализме и огромной работоспособности.

Ваша энергия, большой творческий потенциал и высокие человеческие качества, снискавшие признательность и уважение к Вам, принесут пользу всему Дагестанскому народу.

Желаем Вам крепкого здоровья, силы духа и оптимизма, веры и удачи, благополучия, дальнейших успехов в решении сложных проблем на благо народов России и Дагестана!

**С уважением глава МО «Унцукульский район»**
**Иса Магомедович Нурмагомедов**

### Терроризмалде данде къеркьеялъе цолъиялъул Къо

## ВатIаналъе гIоло хварал кIоченаро



Терроризмалде данде къеркьеялъул цолъиялъул Къоялъул хIурматалда Шамильхъала поселокалда бугеб гIадатазулгун культураялъул Централда тIобитIана гьелъул къурбанал ракIалде щвезариялъул пайдаяб тадбир.

Гьенир гIахьаллъана хIурматиял гьалбал; РДялъул БетIерасул кумекчи Сайпудин Сайпов, аваразул театралъул директор МухIамадрасул МухIамадов, РДялъул Муфтияталъул МугIрул территориалияб округалъул полномочениява вакил Магьди-хIажи ГIабидов.

200 ялдаса цIикIкIун районалъул общественностальул вакилзаби, росабазул бутIрул ракIарун рукIана гьеб къоялъ терроризмалъул къурбаналлъун ккарал, теракгаздалъун хварал ракIалде щвезаризе. Тадбир байбихьизегIан цебе районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов районалъул администрациялъул хIалтIухъабигун, ихтиярал цIунулезул вакилзабигун ва гьалбалгун цадахъ щвана Россиялъул ОМВДялъул минаялда цебе бугеб терроризмалъул рахъалда ругелгун къеркьолаго гIумроялдаса ратIалъаразе гьабураб мемориалияб комплексалда цеве, лъуна бахIарчиял васал ракIалде щвеялъе тIугьдул. Гьенив кIалъалаго гьадин абуна ГI. НурмухIамадовас:

**(Ахир 2 гьумералда)**

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 38 (7334)*

*12 сентябрь 2018 сон*



**Владимир Васильев: «Нилъер бищунго кIудияб ресурс ккола гIадамазул власталдехун бугеб бербалагьи»**

ХIалтIизе ккола хайир кьоледухъ, гурони кадровиял хIукмаби гьаризе руго. Щивав республикаялъул ведомствабазул ва муниципалиял гIуцIабазул нухмалъулес информация кьезе ккола жидецаго гьабураб хIалтIул. Дагъистаналда тIалаб гьечIолъиялъул заман лъугIана. Гьелъ кIудияб зарал кьуна нилъее, щивас тIад буссинабизе ккола бикъараб, бажарулез тIаде босизе ккола хIалтIи».

**(Гьадинаб магIнаялъул кIалъай гьабуна В. Васильевас рищиязда хадусеб дандеруссиналда)**

# Эпохаялъул поэтасул юбилей

(Р. ХIамзатовас 95 сон тIубалаан)

9 сентябралда Хунзахъ районалда кIодо гьабуна тIубараб эпохаялъул поэт Расул ХIамзатовасул юбилей. Гьеб тадбиралда культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаевасул нухмалъиялда гъоркь гIахьаллъана нилъер районалъул делегацияги.

ЦIар рагIарав поэт Р. ХIамзатовас 95 сон тIубаялъул юбилеялъ рорхатал мугIрузул районалда цолъизаруна рикIкIен гIемерал поэтасул поэзия бокьулел, гьесул гьудулзаби, тIолабго улкаялдаса, цогидал улкабаздасаги гьалбал, политикал, цIар арал жамагIатчагIи, СМИялъул вакилзаби ва гь. ц.

Хехаб радал гIужалъго Хунзахъе щолаго нухда гIуцIун букIана гьалбадерида, поэзия бокьулезда дандчIвай. Вакилзабазул бетIерлъуда вукIана Дагъистаналъул тIоцевесев президент М. ГIалиев, РДялъул хъвадарухъабазул Союзалъул пред. М. АхIмадов, Минскиялдаса, Узбекистаналдаса, Россиялъул батIи-батIиял регионаздаса гIадамал.




**«Унцукуль» ансамбль**

Къалъилалде цебе ЦIада росдада гIагардухъ букIана «ХъахIал къункъраби» мемориалияб комплексалда цере тIугьдул лъей. Гьениб букIана юбилярасул хIурматалда роха-хинлъиялъул митинги.

Гьалбал ва балагьулел рохизарулел рукIана батIи-батIиял программабазул концертаз, хореографиялъул ансамблязул церерахъиназ. Гьениб жидерго гьайбатаб номер бихьизабуна нилъер «Унцукуль» ансамблялъги.

Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалъул пред. М. АхIмадовас салам кьуна ва абуна: «Р. ХIамзатов ккола жиндирго къисматалъ, цIаралъ, поэзиялъ Дагъистаналъул цIар рагIизабурав инсан. ЦIвабзазда рекъон кин нух бихьизабулеб, гьедин Р. ХIамзатовасул творчествалъги машгъур гьабуна Дагъистан. Р. ХIамзатов ракIалде швезавиялъе гьанире рачIун руго 45 батIи-батIиял миллатазул поэтал-хъвадарухъаби. Гьезул щивас гьанибеги бачIана ва цадахъги уна босун Дагъистаналде жидерго бугеб рокьи, Расул ХIамзатов вукIана ва хутIулевги вуго хисулареб борхалъуда, цогидал поэтазда кин хIаракат бахъаниги жиб бажаричIеб т1адег1анлъиялда»,-ян бихьизабуна гьес.

Юбилеялда баркиялъул кIалъай гьабуна Минскиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул пред. Михаил Позняковас, Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул тIоцевесев секретарь ва пред. Геннадий Ивановас, Россиялъул цогидалги регионаздаса поэтаз. Гьениб поэтасул ва ЦIадаса ХIамзатил подстаментазда цере тIугьдул лъуна поэтасул гIагарал Расул ва ХIажи ХIамзатоваз.

Хадуб делегация щвана халкъияв поэт ЦIадаса ХIамзатил рокъоб бугеб музеялде. Поэтасул инсуцаго гьабураб къанил болъоялъ жакъаги хIайран гьарула гьалбал, туристал, ХIамзатовазул творчествалул асирал. Музеялда I973 соналдаса нахъе жакъа къоялде щвезегIан лъун руго рукIа-рахъиналъул тIагIелал, поэтазул жидерго алатал. Гьел жеги чанго гIелазе цIунизе руго.

# «АхIулгохIда» - гIалимзабазул мажлис



Араб щамат къоялъ «АхулгохIил» территориялда букIана Дагъистаналъул гIалимзабазул щибаб санайилго тIобитIулеб мажлис. Тадбир бачана РДялъул Муфтияталъул тIоцевесев зам. ГIабдула Аджимолаевас. Баракатаб тадбир байбихьана хирияб Къуръаналдаса аяталги цIалун.

ГIахьалчагIазда цеве къиматал насихIаталгун кIалъана Дагъистаналъул муфтияталъул МугIрул территориалияб округалъул вакил Магьди-хIажи ГIабидов, Каспийскиялдаса гIалимазул Советалъул пред. ГIабдула Хидирбеков, районалъул имам ГъазимухIамад Абакаров ва цогидалги. Гьез бицана диналъулъ гIамал-хасият берцин гьабиялъул, ракI-ракIалъ киналго ахIканалги тIуран как баялъул бугеб кIваралъул. Гьелдаго цадахъ мажлисалъул гIахьалчагIаз экскурсия гьабуна АхIулгохIалъул тарихиял бакIазде, бицана Кавказалъул рагъул ишазул.

Мажлисалъул ахиралда данделъараздехун кIалъай гьабуна районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас. Гьенибго бихьизабуна хадубккунги халкъазда гьоркьоб рекъел щула гьаби ва гIадамазе гIамал-хасияталъулгун динияб тарбия кьеялъе Муфтияталъ кинабго гьабизе бугилан.

# ВатIаналъе гIоло хварал кIоченаро

«Нилъеда киданиги кIоченаро жакъа гьадин нилъеца дунялалда талихIаб гIумро гьабиялъе къеркьолаго рухI кьурал ва нилъее рахIатаб гIумро цIунарал васал. Доб хIалхьи гьечIеб гIумро тIад буссунгутIиялъе киданиги нилъер цIодорлъи нахъе ккезе бегьуларо. КIочене бегьуларо терроризмалда хурхараб кинабго ккарабщинаб ва къеркьезе ккола хадубккун гьелъул гIаламатал загьирлъунгутIиялъе».

Хадуб тадбир букIана гIадатазулгун культураялъул Централда. Гьеб рагьана ва бачана культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаевас ва П. ГьитIинмухIамадовалъ. Данделъаразда цеве кIалъазе вахъана ГI. НурмухIамадов, С. Сайпов, ракIалдаса унареб кIалъай гьабуна М. ГIабидовас. Хадув кIалъана М-Р. МухIамадов, гьес ГI. НурмухIамадовасухъе кьуна А. С. Пушкинил цIаралда бугеб музеялъул директор, Р. ХIамзатовасул яс СалихIат ХIамзатовалъ ракIалде щвеялъе ритIарал тIахьал.

Киналго кIалъазе рахъараб тадбиралъул гIахьалчагIи ва тIолалго районалъул жамагIат ахIана терроризм-экстремизмалъул идеологиялъ бетIер борхани къеркьезе ва цIодорго рукIине.

БукIана терроризмалде данде чIезе ахIарал школазул цIалдохъабазул церерахъинал, рикIкIана ва ахIана кучIдул, хIана сценкаби ва гь. ц.

ГIашилтIа гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабаз хIараб сценка сайгъат гьабун букIана Россиялъул Дагъистаналда бугеб ФСВНГялъул вневедомственнияб охранаялъул хIалтIухъан, Россиялъул БахIарчи, 2016 соналда террористазул квердаса хварав МухIамад НурбахIандовасе. Ахиралда руцIцIун чIеялдалъун ракIалде щвезаруна терроризмалъул къурбанал.

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 38 (7334)
Хамиз
12 сентябрь 2018 сон

3 гьумер

# Садовод

**Страница в номере**




# Права и защита прав потребителей электроэнергии

Электроэнергия является товаром, но товаром специфическим: ее производство и потребление происходит в один и тот же момент, электроэнергия не может складироваться.

Несмотря на это, как уже упоминалось, электроэнергия это тоже товар, вследствие этого у её потребителей есть определенный перечень прав и права потребителей электроэнергии также подпадают под действие закона о защите прав потребителей. Следовательно, у потребителей электроэнергии есть такие же права, как и у всех потребителей, а именно:

- на качество;
- на безопасность;
- на информацию;
- на возмещение ущерба.

Предлагаем применительно к правам потребителей электроэнергии рассмотреть каждое перечисленное право отдельно.

Право потребителей электроэнергии на качество: электроэнергия, как и любой товар имеет характеристики качества, основные из которых это напряжение и частота, а также другие показатели: несинусоидальность напряжения, провал напряжения, перенапряжение и другое. Электроэнергия должна соответствовать установленным параметрам качества. Эти параметры регламентированы в ГОСТ 13 109-97/

В случае отклонения параметров качества электроэнергии от установленных параметров, потребитель вправе требовать приведение их в соответствие, а также требовать возмещения реального ущерба с поставщика электроэнергии, которое произошло по причине низкого качества электроэнергии. К сожалению, в России многие потребители часто и безуспешно борются с поставщиками электроэнергии на предмет приведения её качества в соответствие с нормативными документами, однако вопросы компенсации затрат потребителей электроэнергии и снижения тарифа на электроэнергию, если она будет низкого качества в действующем законодательстве не определены, поэтому необходимо особое внимание уделять указанным вопросам еще на этапе заключения договора энергоснабжения с поставщиком электроэнергии.

Также к правам потребителей электроэнергии, относящимся к качеству, можно причислить право на бесперебойность энергоснабжения. Бесперебойность энергоснабжения зависит от многих факторов, таких как категория надежности или ввод графиков аварийных ограничений. Но в любом случае этот вопрос также должен быть четко урегулирован в договоре энергоснабжения.

Право потребителей электроэнергии на безопасность: любой потребитель электроэнергии имеет право требовать безопасность в процессе его энергоснабжения, а также безопасность для жизни и здоровья, имущества и окружающей среды. Электроэнергия – источник повышенный опасности, поэтому сетевая компания обязана обеспечить безопасность энергоснабжения. Право потребителей электроэнергии на информацию: в соответствие со «Стандартами раскрытия информации субъектами оптового и розничного рынка электроэнергии», утвержденных Постановлением Правитеьства РФ « 24 от 21.01.2004 г. сетевые генерирущее компании, гарантирующие поставщики обязаны раскрывать информацию о своей деятельности: информацию о технологическом присоединении, оновных условиях договоров, ценах на элетроэнергию и многое другое.

Право потребителей электроэнергии на возмещение ущерба: при возникновении ущерба, вызванного нарушением условий договора поставщиком (который может быть вызван низким качеством электроэнергии, перебоями в электроснабжения, завышением цены и многое другое), потребитель имеет право требовать возмещения причиненного ему ущерба и морального вреда в досудебном или судебном порядке.

Защита прав потребителей электроэнергии.

При нарушении вышеперечисленных прав, защита прав потребителей электроэнергии может быть организована следующим образом:

- обращение в органы по защите прав потребителей;
- обращение в органы прокуратуры;
- обращение в федеральную антимонопольную службу, если нарушение выразилось в злоупотреблении поставщика электроэнергии своим доминирующим положением на рынке;
- подача исковых заявлений в суды различных инстанций;

Защита прав потребителей электроэнергии является очень важным делом, поэтому, при возникновении нарушений, вы можете обратиться в Управленние Роспотребнадзора по РД

**М. Т. ТАЙМАСХАНОВ**

# Миннац Дагестана объявил прием заявок на участие в конкурсе проектов на гранты Главы РД




В Дагестане объявлен старт на участие в конкурсе на гранты главы региона. Участниками могут стать авторы инновационных проектов в разных областях. Документы принимаются в течение полмесяца. Интересные проекты в области научных инноваций, конструкторских разработок, других сфер экономики, культуры, образования, спорта, молодежной политики, искусства, СМИ и деятельности общественных объединений будут профинансированы руководством региона. Один участник — одна заявка, рассматривать их будут профильные министерства и ведомства. На их сайтах можно найти информацию об условиях участия в конкурсе.

6 грантовских проектов по 5 номинациям:

**– 1 грант на 450 тыс. руб.** – на поддержку деятельности по распространению в обществе идей патриотизма и гражданственности, укреплению межнационального согласия;

**– 1 грант на 300 тыс. руб.** – на реализацию социально-значимых проектов некоммерческих организаций в области благотворительной деятельности в Республике Дагестан;

**– 1 грант на 250 тыс. руб.** – на поддержку деятельности, направленной на воспитание молодежи в духе национальной и религиозной терпимости, неприятия идеологии религиозно-политического экстремизма;

**– 2 гранта по 250 тыс. руб.** – на реализацию проектов в области гражданского общества и повышения социальной активности населения Республики Дагестан;

**– 1 грант на 150 тыс. руб.** – на реализацию проектов в области поддержки традиционных казачьих промыслов и ремесел терских казаков, проживающих в Республике Дагестан.

Прием заявок осуществляется с 30 августа по 15 октября 2018 года по адресу: г. Махачкала, пр. Р. Гамзатова, 1, Министерство по национальной политике Республики Дагестан, отдел по работе с институтами гражданского общества.

Контактный телефон: **+ 7 (8722) 67-18-29**

# Информационное письмо Министерство печати и информации РД




Информационное письмо Министерство печати и информации РД Продолжается прием документов на конкурс проектов на гранты Главы Республики Дагестан в области средств массовой информации.

В рамках конкурса проектов на гранты СМИ будут поддержаны ориентированные на практический результат информационные проекты, объединенные общественное значимой тематикой и имеющие государственное значение.

**КОЛИЧЕСТВО И РАЗМЕРЫ ГРАНТОВ**

Всего грантов в общей сумме 2,450 млн. рублей:

2 гранта по 250 тыс. рублей – на поддержку творческих проектов журналистов республиканских средств массовой информации на национальных языках.

2 гранта по 200 тыс. рублей – на реализацию проектов, направленных на формирование и популяризацию положительного образа Республики Дагестан в информационных – коммуникационных сети Интернет.

2 гранта по 300 тыс. рублей – на поддержку информационных проектов, направленных на модернизацию общества.

1 гранта по 450 тыс. рублей – на создание цикла телепередач, направленных на разъяснение социальной опасности распространения идеологии и практики экстремизма.

2 гранта по 150 тыс. рублей – на подготовку и размещение телевизионных и видеороликов на социально значимую тематику.

Соискателям могут выступать физические и юридические лица, осуществляющие деятельность на территории Республики Дагестан.

Министерство печати и информации призывает журналистское сообщество, всех творческих людей, неравнодушных к судьбе своей малой родины, принять участие в конкурсе проектов на гранты Главы РД.

Прием документов в министерстве ведется в отделе взаимодействия со СМИ с 22 июля по 21 сентября текущего года. По всем вопросам обращаться по телефону: 56-70-20

Положение о конкурсе проектов на гранты Главы Республики Дагестан в области средств массовой информации размещено на сайте Мининформа РД **rdpress.ru**

Спорт: шахматал

# Районалда тIобитIана Дагъистаналъул шахматазул IV этап



Биологиял гIелмабазул доктор Гъ. ГIабдурахIманов ракIалде щвеялъе ва Дагъистаналъул Кубокалъул хехал шахматазул IV этап тIобитIана нилъер районалъул Шамильхъалаялда шахматазул клубалда 8-9 сентябралда.

Турнир тIобитIана республикаялъул шахматазул Федерациялъгун цадахъ районалъул администрациялъул кумекалдалъун. Киналго гIуцIиялъулал хIалтIаби кодоре росун рукIана шахматазул Федерациялъул член, мугIрул зонаялъул шахматистазул цевехъан А. ГIумалаевас ва спорткомитеталъул пред. М. МухIамадовас.

Къецал рагьиялда гIахьаллъана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов, бетIерасул зам. С. АрулмухIамадов, МГСалъул пред., халкъазда гьоркьосев гроссмейстер, РДялъул шахматазда хурхун мустахIикъав тренер Ж. Жакаев ва цогидаги.

Турниралда гIахьаллъана I00 гIан шахматист. Гьез къецал хIана Швейцариялъул къагIидаялъ 9 турги гьабун. ХIаялъул тIоцебесеб къоялъ букIана 5 тур, кIиабилеб къоялъ 4. ГIахьаллъана шахматал рокьулел батIи-батIиял ригьазул гIадамал.

ГIахьаллъулездехун саламалъулаб кIалъай гьабуна ГIиса НурмухIамадовас. Гьес бихьизабуна Дагъистаналъул шахматистазул этап районалда тIобитIулеб букIиналдаса вохарав вугин. РакIалде щвезавуна дагъаб цебегIан нилъедаса ватIалъарав хIурматияв инсан Гъайирбег ГIабдурахIманов ва къецазда гьарана лъикIал хIасилал.

Хадув кIалъана Ж. Жакаев: «Дун кутакалда вохарав вуго шахматазул гIадатазул рахъалъ бечедаб Унсоколо районалда гьал къецазда гIахьаллъизе щвеялдаса. ГIезегIан тIоритIана нилъеца гьанир къецал, гIемерал къуватал шахматистал руго гьанир. Гьеб гуребги гIемерав чи мукIурлъана районалъул дандекквей гьечIеб берцинлъиялъе, гьобол вокьиялъе. – Хадурккунги гьанир шахматазул къецал тIоритIи гIадатлъун лъугьинин хьул гьабизе бокьун буго дие»,-ян абуна гьес.

Тадбир рагьиялда гIахьаллъана Гъ. ГIабдурахIмановасул вас. Гьес баркала загьир гьабуна эмен ракIалде щвезавуралъухъ киназего. Бихьизабуна эмен кидаго къеркьанин Дагъистаналъул халкъал цолъизариялъе ва гъункизариялъе,-абун.

Турнир къана Ж. Жакаевас. Гьес бихьизабуна къецал тIадегIанаб даражаялда анин, хIаязе киналго шартIалги гIуцIун рукIанин, призалъулал бакIалъул очкабиги эхедегIанисел рукIанин.

Гьенирго кIодо гьаруна бергьарал шахматистал. Гьезие къуна ХIурматалъул грамотаби, гIарцулал ва цойгидалги сайгъатал, сувенирал.

# Лъим къачIаралъухъ баркала

Ахирияб заманалда рарал чвахун цIадаз ва тIабигIиял балагьаз Шамильхъала поселокалда гъоркьехун бугеб ХинлъимитIа росдае лъим бачараб труба букIана хвезабун, кидаго гIодобе чвахулеб букIана гьенисан лъим ва гьениб гIумро гьабулезе щолеб букIинчIо гIураб къадаралда гьеб.

Технологиялъул конструктивиял рахъалги лъазарун лъим бачунел рогIрал къачIаялде гъорлъе лъугьана Унсоколо росулъа XI. Хастинов ва гьесул «Родник» ОООялъул хIалтIухъаби. Лъазаруна лъим чвахулел бакIал, хварал ва басралъарал рогIрал хисана ва къокъаб заманалда бачIинабуна лъим.

ХинлъимитIисез ракI-ракIалъ баркала загьир гьабулеб буго Унсоколо росдал бетIер XI. ГIабдулаевасе ва «Родник» ОООялъул нухмалъулев XI. Хастиновасе, гьесул хIалтIухъабазе тIадегIанаб даражаялда гьабураб хIалтIухъ. Хадурккунги гIадамазул захIмалъаби лъугIизаризе талихI-рохел, сахлъи къун таги, нуж!

**ХинлъимитIесезул гьариялда рекъон хъвана Мадина СУЛТАНОВАЛЪ.**

*Тибеталъул рецептал*

# *Таблеткаби гьечIого давление гIодобе ккезаби*

* **ГIундузе массаж гьабе.** КIиябго кверalъул чIахIиял килщаз массаж гьабила гIундузе. Гьабизе бегьула чанго свери бахъараб къагIидаялъ жанисеб гIиналда жанибги. Гьедин такрар гьабе 3 нухалъ. Хадуб цояб квер лъе тIоноцIида тIад, цогиялъул килщаз бигьа гьабун килщал чIван массаж гьабила ботIрода. ЛъикIаб буго гьедин щуго минуталъ гьабуни. Хадуб кIиябго квер чIвай хьалбазда, хьабалухъа гIучIазда гьоркь ва гьедин кквe щуго минуталъ. Гьедин гьабе 5-6 къоялъ радалги къасеги цоцада хадуб. Гьединаб къагIидаялъ гIезегIан заманаялъ давлениялдаса тархъанлъизе рес буго.

*** Греказул цIулакьоялъул лъим**. I0 греказул цIулакьоялъул макъар, гьелъул бакьулъ рук1унел тIеренал перегородкабигун цадахъ 500 мл. лъадалъ гьализабе гIодобе биччараб цIеда бащдаб сагIаталъ. Гьеб отвар гIола 3 къоялъ, къойида жаниб 3 нухалъ кваналалде бащдаб сагIаталъ цебе I ст. гъуд гьекъела. Сах гьариялъул курс буго 9 къо. Гьединаб отвaралъ давление рукIалиде ккезабула, рекIел ччорбал щула гьарула.

* **Гъванщида-горчичник.** Бахараб давление бугеб мехалъ цо горчичник лъе гъванщида, цогидаб огъохъатиниб. Гьедин те 5-I5 минуталъ. Гьелда абула пикру цогидаб рахъалде буссинабулеб терапия,- абун. Гьелъ рекIелгун гIадалзул нахул бидул централдаса къватIирехун ругел (периферия) бидурихьазул кровоток нахъе цIала ва гьел ритIун хIалтIиялъе квербакъула.

***Талганалъул тIеренаб кесек-хIатIида гьоркь.** Давление рукIалиде бачIинабиялъе буго цойги гьадинаб къагIида. Чурагъалъуб (носки) лъела тIеренго къотIараб талганалъул пластика гIадаб кесек. Гьедин хьвадила тIубараб къоялъ. ГьоркьхIатIида гIемерал точкаби руго гIадалзул нахулъе би чIезабулеб. Гьезда тIад асар гьабула талганалъ.

# РекIел хIал гьумералъ бицуна

* Байбихьулал рекIел гIоларел рахъазул бицуна зама-заманалдасан кIутIби хъах1иллъиялъ.

* Бидурихьазул бецIбагIарал мухъалги багIараб гьорораб гIадаб мегIералъ бицуна рекIел потология букIиналъул ва гьелдаго цадахъ цIикIкIараб къадаралда давление букIиналъул.

* ГIодобегIанаб артериалияб давлениягин гьормаде хъахIил-багIаркьераб кьер рехани, гьебги буго рекIел гIунгутIаби рукIиналъе гIилла.

* МегIералъул кIиябго рахъалда хъахIил-багIаркьераб кьер бугони, бицуна рекIел гIунгутIаби рукIиналъул.

* ГIундузул раковинал кьер тIурал ругони, нугIлъи гьабула бидул хьвадиялъул низам хун букIиналъе.

* Зама-заманалдасан гьумер багIарлъулеб бугони, весочнияб артериял тIомалда гьоркьан рорхун рихьулел ругони, бицуна ракIалдаго гьечIого артериалияб давление бахунеб букIиналъул. Гье-динал гипертоническияб кризалде ккеялъе чIахIиял ресал руго.

* Гьурмал кьер тIунги букIаго высочнияб артерия тIаде загьирлъулеб бугони, гьелъ нугIлъи гьабула мозгалъул бидурихьал къварилъун рукIиналъе.



**«Айболит» газеталдаса**


**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции: 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru 398940**

Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 11. 9. 18 г. 16. 30 фактически -15. 45 мин.

.........................................

Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 1000 экз.